

Lè pou Fini Izòlman

ESTRATEJI SOU BAZ SENTÒM




Si w gen sentòm covid-19 epi w kapab geri lakay ou, menm si w vaksinen:



Ou ka kite lakay ou omwen 5 jou apre sentòm yo te kòmanse epi sentòm yo te fini oswa amelyore epi ou pa gen lafyèv depi omwen 24 èdtan (ki se yon jou konplè san lafyèv ak san itilizasyon medikaman pou lafyèv).



Mete yon mask pami moun jisk jou 10 la pou minimize risk pou enfekte lòt moun.



Sispann mete mask anvan jou 10 la lè w teste apre 5 jou. 2 tès antijèn negatif (48 è entèval) nesèsè. e, ou pa dwe santi w malad ankò.




Si ou paka maske akòz andikap oswa si moun nangen mwens pase 2 ane, kontinye rete lakay y pandan 10 jou.



Lè w ap konte jou yo:

Jou 0 se premye jou sentòm ou yo.
Jou 1 se premye jou konplè apre sentòm ou yo devlope.

ESTRATEJI SOU BAZ TAN




Si w teste pozitif pou COVID-19 men w pa t janm gen sentòm, menm si w vaksinen:



Ou ka kite lakay ou omwen 5 jou apre premye tès pozitif ou epi ou kontinye pa gen sentòm depi lè w te fè tès la. Si w devlope sentòm apre kòmansman izòlman pou yon rezilta tès pozitif, rekòmanse izòlman swivan nòm ki baze sou sentòm anwo yo. Peryòd izòlman 5 jou w la rekòmanse.



Mete yon mask pami moun jiska jou 10 la pou minimize risk pou enfekte lòt moun.



Sispann mete mask anvan jou 10 la lè w fè tès apre jou 5 la. 2 tès antijèn negatif (omwen 48 è entèval) nesèsè.



Si ou pa ka maske akòz yon andikap oswa si moun nan gen mwens ke 2 ane, kontinye rete lakay pandan 10 jou.



Lè w ap konte jou:

Jou 0 se dat premye rezilta tès pozitif ou.
Jou 1 se premye jou konplè apre w teste pozitif.

TE EKSPoze A COVID-19?



Si ou te ekspoze A viris ki lakòz COVID-19 la owa doktè w di w ou te ekspoze, men kèk mezi ou ta dwe pran:

- Mete yon mask bon kalite pami moun epi pa ale kote w pa ka mete mask pandan 10 jou.
- Swiv [konsèy sou vwayaj](#) CDC yo.
- Si w gen sentòm, izole w imedyatman epi fè tès.
- Si w santi w byen, fè tès COVID-19 omwen 5 jou konplè apre ekspozisyon ou.
- Pran [prekosyon siplemantè](#) si w ap pami moun ki [plis gen chans pou vin malad grav akòz COVID-19](#).

KIJAN W IZOLE W?

Otan ke posib:

- [Rete lakay](#) nan yon chanm espesifik epi lwen lòt moun.
- Pa vizite espas piblik.
- Si w dwe wè yon doktè, mete yon mask bon kalite kòm sadwa.

Si w te gen maladi COVID-19 grav oswa w gen sistèm iminitè fèb:

- Menm si w te vaksinen, izòlman rekòmande pou omwen 10 jou epi l ka pwolonje jiska omwen 20 jou pou pwoteje oumenm ak lòt moun.
- Pale ak doktè w anvan w sispann izòlman an paske li ka nesèsè pou fè lòt tès.

Pèsonèl swen sante

ki gen COVID-19 konfime oswa sispèk ta dwe konsilte dènye [konsèy](#) Depatman Sante a anvan yo retounen nan travay.

Resous Yo Disponib

Èske viris COVID-19 la fè moun malad kote m ap viv ak travay la?



Rezime viris respiratwa Pennsilvani an disponib nan [2023-24Flu \(pa.gov\)](https://www.pa.gov). Tablobò sa a aktyalize chak semèn e li gen ladann: Done sou admisyon nan lopital nan kote yo ak Eta a.

Tablobò enfòmasyon yo gen ladan:

- Yon rezime chak semèn sou grip ak RSV nan PA.
- Konparezon sezon pou Grip ak RSV.
- Vizit nan ijans kote sentòm tankou tous, mal gòj oswa nen kap fè larim te anrejistre kòm rezon vizit la.
- Nouvo admisyon nan lopital pou COVID-19 yo Aktyalize nan [CDC's Tracker](https://www.cdc.gov) chak semèn.
- Mòtalite COVID-19 ak Grip sou baz [Siveyans Grip Etazini: Objektif ak Metòd| CDC](https://www.cdc.gov).

Ki kote w ka fè tès?

Yon kat sit kote pou fè tès COVID-19 nan Pennsilvani disponib anliy nan [Pennsylvania Covid-19 Viral Testing \(arcgis.com\)](https://www.arcgis.com).




Si tès COVID-19 adomisil mwen negatif èske m ka pami lòt moun?

Non, Administrasyon Medikaman ak Manje Etazini (FDA) konseye ~~refè tès la~~ apre yon rezilta tès negatif ki soti nan nenpòt tès antijèn COVID-19 adomisil, pou redui risk yon enfeksyon ki ka manke epi pou anpeche moun simaye viris la san yo pa konnen.

Kijan mwen ka redui risk pou m malad ak COVID-19?

Meyè defans kont COVID-19 se epi kontinye pratik sante ak ijyèn de baz yo, tankou lave men w, rete lakay lè w malad epi evite kontak avèk moun ki gen COVID-19 sispèk oswa konfime. <https://www.health.pa.gov/topics/disease/coronavirus/Pages/>



1-877-PA-HEALTH
(1-877-724-3258)



Oswa, tèks Liy Tèks pou Kriz la:
Text 'PA' to 741-741
gratis, 24/7 èd sikolojik pou kriz